Bilten #7

AKADEMI KREYÒL AYISYEN

Piblikasyon oktòb 2020

Souvni jounen selebrasyon 5 lane AKA (4 desanm 2019)

Tit yo

- Editoryal : Mete lang kreyòl la nan vrè plas li! P.2
- Akademisyen Pierre Michel CHERY resevwa yon pri nan lokal AKA nan men MOLICAJ P.3
- AKA brase lide ak etidyan Fakilte Lengwistik Aplike (FLA) P.4
- Koudèy sou premye edisyon "DE BATAN" nan AKA P.5/P.6
- Lise Pétion ak lise Toussaint resevwa vizit AKA P.6/P.7
- Akademi Kreyòl Ayisyen òganize fòmasyon pou Sosyete sivil la P.7/P.8
- AKA patisipe nan Salon liv Inivèsite Quisqueya P.9
- Akademi Kreyòl Ayisyen rann Akademisyèn Marie Marcelle Buteau RACINE yon dènye omaj P.10
- Depatman Sant nan selebrasyon Jounen entènasyonal lang manman an P.11
- Pwogram aktivite AKA pou Mwa lang ak kilti kreyòl 2020 P.12

EDITORYAL

Mete lang kreyòl la nan vrè plas li!

Lang kreyòl ayisyen an pa gen limit. Li nan literati, matematik, chimi, lasyans, radyo, televizyon, mizik.... Lang lan gaye toupatou, nan tout kwen kote ki gen Ayisyen. Men, malgre reyalite sila a, gen moun ak sektè k ap fè kòmsi yo pa konprann sitiyasyon an. Depi Konstitisyon 1987 la fin rekonèt kreyòl kòm lang ofisyèl, lang lan deja fè anpil gany, men batay la fèk kòmanse.

Nou deja konnen kalite richès ak bèlte ki kache nan lang kreyòl ayisyen an, kounye a, sa ki enpòtan, se rive travay pou nou fè lang lan okipe vrè plas li nan sosyete a. Okipe vrè plas li vle di, fòk lang lan rive layite kò li jan Manman lwa peyi a mande sa. Pa dwe gen baboukèt ni faskare lè yon moun dwe pale oubyen ekri kreyòl nan peyi li. Pèsonn pa dwe anpeche yon Ayisyen itilize lang li ki se yon patrimwàn li leve jwenn.

Pandan bon tan nan peyi a, moun mete atè tout kalte agiman pou montre rezon ki fè yo pa vote lwa yo an kreyòl, anpil afich piblisite pa an kreyòl, lekòl ak inivèsite pa fèt an kreyòl. Poutan, lè sa mare vre anpil moun oubyen sektè wè nesesite pou kominikasyon yo fèt an kreyòl. Peryòd kriz politik, paregzanp, aktè yo chwazi kominike an kreyòl yon fason pou mesaj yo ka pi byen pase. Menmjan an tou, pandan peryòd pandemi viris Kowona a, prèske tout mesaj otorite yo ak lòt aktè yo fèt an kreyòl. Se yon bon bagay, men sa pa dwe rete la.

Se pou rezon sa a, Akademi Kreyòl Ayisyen felisite tout enstitisyon, asosyasyon, ekriven, medya, itilizatè rezo sosyal yo, elatriye., ki kenbe flanbo lang kreyòl la byen wo, pandan l envite tout lòt ki poko fè sa pou yo antre nan wonn nan. Yo kapab konte sou AKA ki, li menm, ap kontinye travay pou ranpli misyon Konstitisyon 1987 la konfye li ki se kore devlòpman lang kreyòl la anba prensip lasyans.

Travay sa a deja kòmanse, men AKA konsyan tou l ap pran tan ki nesesè pou rive konvenk moun ki nan diferan domèn syantifik pou yo pwodui plis an kreyòl e fè batay sa a tounen batay pa yo. Jodi a, kesyon an se pa èske nou kapab, men se kilè sa ap rive fèt. E se vrè sans batay Akademi an ap mennen depi kreyasyon li nan lane 2014. Se pa yon sekrè nan peyi Ayiti, lang kreyòl pa jwenn espas pou li jwe wòl lang ofisyèl li toutbonvre. Nou pa kapab pale de lang kreyòl la, san nou pa site tout valè sosyal ak kiltirèl ki jwenn rasin yo nan zantray pèp ayisyen an. Toutotan nou pa pran desizyon bay kreyòl la vrè plas li, nou p ap kapab fè yon pa kita yon pa nago paske se atravè lang lan n ap kòmanse trase wout reyisit tout popilasyon an ap tann nan.

Boutofen, respè lang pèp ayisyen an se yon eleman enpòtan pou pèmèt devlòpman peyi a. An nou kontinye respekte valè zèv kreyòl yo ak moun ki kite pwodiksyon nan lang kreyòl la. E nou dwe toujou konnen, zèv sa yo tradui reyalite n ap viv chak jou. An nou mete lang kreyòl ayisyen an nan vrè plas li nan tout sikonstans, se sèl fason n ap rann sila yo ki pale sèlman kreyòl jistis.

Dwa pou yon moun pale lang li ak dwa pou li resevwa sèvis li bezwen nan lang li konprann, se yon prensip inivèsèl ki sakre. Tout moun dwe goumen pou yo respekte dwa sa a, pèsonn pa dwe mete dwa lengwistik yon moun sou kote. An nou kontinye pale, ekri, chante an kreyòl, gadyen eritaj kiltirèl nou.

Sekretarya Egzekitif
Akademi Kreyòl Ayisyen

Akadamisyen Pierre Michel CHERY resevwa yon pri nan lokal AKA nan men MOLICAJ.

Akademisyen Pierre Michel CHERY ak plak donè a

Nan mwa janvye 2020, nan lokal Akademi Kreyòl Ayisyen, Pierre Michel CHERY te resevwa yon pri espesyal ak yon bèl omaj pou woman *Bèbè Gòlgota* nan men asosyasyon kiltirèl MOLICAJ.

Se nan ane 2008, ekriven an pibliye dezyèm liv li, *Bèbè Gòlgota*, nan Koleksyon Souf Nouvo, Edisyon Presses Nationales d'Haïti. Nan mwa avril 2013, sou demann piblik la, womansye a soti yon dezyèm edisyon.

Bèbè Gòlgota, yon liv ki montre aklè lanfè ak tribilasyon anpil Ayisyen viv nan pran kanntè, nan fann lanmè pou y al chache lavi miyò Etazini.

Nivo pwezi ak bèlte liv la fè li jwenn admirasyon lektè yo, sitou etidyan yo.

Men, se pa sa n ap gade nan liv la jodi a. Nou plis enterese bay yon apèsi ki pou ede sosyete a gen yon lide sou istwa a epi fè lektè yo konprann mesaj otè a vle fè pase nan liv la.

Pèsonaj prensipal woman an, Bèbè, se yon Ayisyen ki deside pran lanmè yon twazyèm fwa pou li wè si li va rive nan peyi Etazini. Bèbè oblije pran kanntè, paske li pa gen papye ki otorize li antre alewè pou li ta va rete kay Tonton Sam.

Men, depi kote yo demare vwayaj la, sa pa te fasil. Maren ak responsab vwayaj la deside poze pasaje yo kesyon pou konnen si gen yonn nan yo ki annafè ak djab ki fè yo pa ka deplase. Men, pami pasaje yo, gen yon pèsonaj ki pa janm lache yon mo. Boutofen, pasaje yo mete yo dakò sou sa: mouche sa a se yon bèbè. Finalman, bato a rive leve lank. Sepandan, nan mitan lanmè, lapli kòmanse tonbe. Maren an konnen se Mèt Agwe, yon lespri Vodou, ki fache. Fòk yo sakrifye yon moun pou Agwe sinon tout moun peri.

Gen twòp moun nan ti bato a. Bridsoukou, yon sibreka* mete men sou yon timoun ki rele Janèt pou lage li nan lanmè, men, Bèbè ponyen bra sibreka a li anpeche sa fèt. Kòm Bèbè te gen gwo bibit, tout lòt maren yo fè bak… Istwa a pral kontinye sou lavi Bèbè ak Janèt pandan l ap trete lavi, kilti, kriz idantite ak rèv ayisyen sou chimen devlòpman li.

Ekriven Pierre Michel CHERY fèt 18 mas 1956 nan komin Miragwàn, depatman Nip (Ayiti). Li se enfòmatisyen, jesyonè epi li genyen yon metriz nan enfòmatik (Commonwealth Open University, 2002).
Pami tout piblikasyon Akademisyen Pierre Michel CHERY deja fè yo, nou ka site: *Eritye Vilokan* (2001), *Bèbè Golgota* (2008), *Senfoni Nago* (2012), *Dogid Atisou (*2018)…

Akademisyen Pierre Michel CHÉRY ekri sèlman an kreyòl. Divès entèvansyon li fè swa nan medya, nan lekòl ak nan inivèsite temwanye angajman li nan kore devlòpman lang kreyòl ayisyen an.

AKA brase lide ak etidyan Fakilte Lengwistik Aplike (FLA)

Foto souvni konferans AKA nan FLA ak yon pati nan asistans lan

Nan kad selebrasyon Jounen entènasyonal lang manman pou ane 2020 an, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te fè eskal, lendi 10 fevriye 2020 an nan Fakilte Lengwistik Aplike (FLA). Akademisyen Guy Gérald MÉNARD ak Akademisyen Emmanuel Michel BAZILE te prezante yon konferans, kote plis pase 25 etidyan melanje ak pwofesè epi Dwayen FLA a, Doktè Renauld GOVAIN te prezan.

Akademisyen BAZILE fè konnen objektif aktivite sila a se reflechi ansanm sou ki kalite aksyon nou dwe poze pou lang kreyòl la pran dwa li toutbonvre nan sosyete a. Selon Akademisyen an, AKA pa ka fè gwosè travay sa a pou kont li. Nan sans sa a, li te tou pwofite okazyon an pou envite jèn yo k ap etidye fonksyònman lang, pou yo plis enplike nan batay pou respè lang kreyòl la.

Akademisyen an raple patisipan yo, gen anpil goumen ki fèt pou lang kreyòl la rive kote li ye jodi a. Li envite sosyete a, teknisyen nan lang, travay pou fè lang lan pale tout kalite koze. Kidonk, kreyòl se yon gwo zouti, yon fòs, yon enstriman tout syantifik kapab itilize nan tout domèn, yon fason pou majorite popilasyon an jwenn tout kalite sèvis li bezwen nan lang li pi byen metrize a.

Sou bò pa li, Akademisyen Guy Gérald MÉNARD te pwofite prezans Akademi an nan FLA pou rann powèt Georges CASTERA yon omaj byen merite. Nan yon lekti li te fè, Akademisyen an montre pwofondè zèv powèt Georges CASTERA ki mouri nan mwa janvye 2020 ak 83 rekòt kafe sou tèt li. Ekriven an kite dèyè li yon latriye zèv wòdpòte ki envite nou kesyone egzistans nou kòm moun sou latè.

Selon temwanyaj Akademisyen MENARD, «Georges CASTERA pa te louvri bouch li pou fè djòlè; men se te pou ede peyi li vanse[...].» Se te yon vanyan gason ki pa te pote plim li pou bèl lank nan foubi fraz pou fè pwezi. CASTERA te goumen san pran souf pou ede chanje kondisyon lavi moun. Se pou sa, zèv li yo pote yon latriye revandikasyon. CASTERA se powèt ki jwe ak mo yo jan li vle, san pè ni enkyete sou sa moun pral di apre. Li fè tout sa yon fason pou li tradui nan langaj pa li reyalite pèp ayisyen an ap viv. Èske se pa sa menm ki fè diferans ant yon ekriven ayisyen ak yon ekriven an Ayiti?

Dwayen FLA a, Doktè Renauld GOVAIN, ki te pran lapawòl nan okazyon an, te rapousuiv menm lide a pandan li fè konnen, lang lan pa bezwen moun defann li. Lang kreyòl la bezwen moun k ap travay li, pwodui ladan li. E wòl lengwis yo menm se obsève, dekri epi fè konklizyon pou gade èske yo respekte prensip ki etabli pou fonksyònman lang lan. Pwofesè GOVAIN ajoute, sa ki plis enteresan, se pwodui nan lang lan k ap pèmèt li devlope plis.

Patisipan yo te temwaye kontantman yo paske Akademi an te deplase vin twoke lide ak yo. Plizyè etidyan FLA ankouraje Akademi Kreyòl Ayisyen pou li kontinye bay lang kreyòl la jarèt.

Koudèy sou premye edisyon “DE BATAN” nan AKA

Envite donè a ak patisipan yo

Nan yon anbyans kè kontan, Akademi Kreyòl Ayisyen te louvri pòt li byen laj pou lanse premye edisyon AKA DE BATAN, vandredi 7 fevriye 2020 an.

Objektif nouvo aktivite sa a se tande dizon lòt aktè k ap pwodui, reflechi sou/nan lang kreyòl ayisyen an. Konsa, chak dènyè vandredi nan mwa a, soti 2è rive 4è, AKA ap louvri pòt li pou resevwa pwodiktè, aktè, otè ak tout moun ki vle patisipe nan kozri sou zèv kreyòl. Pou premye edisyon AKA DE BATAN an, envite donè a se te ekriven Jean Pauris JEAN-BAPTISTE.

Se Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen an, Luna GOURGUE ki te louvri AKA DE BATAN. Li te esplike rezon ki fè yo chwazi Jean Pauris JEAN-BAPTISTE kòm envite donè. Otè woman *Nan lonbraj inosans* lan, nonsèlman li se premye prezidan Konsèy Administrasyon AKA, men tou, li se yonn nan otè ki pwodui plis nan lang kreyòl ayisyen an epi Jean Pauris JEAN-BAPTISTE konsakre tout vi li nan travay pou devlòpman lang sila a atravè zèv li yo. Nou pa konnen poukisa se ane 1936 ki pote ban nou twa (3) mapou nan literati ayisyen an: Jean Pauris JEAN-BAPTSITE (mas 1936); Frankétienne (avril 1936) epi Georges CASTERA (desanm 1936). Twa (3) potomitan sa yo, nan fason pa yo, make literati ayisyen an ak kreyasyon yo. Georges CASTERA se yonn nan powèt ayisyen ki ekri plis liv pwezi kreyòl epi ki antre pwezi kreyòl la nan modènite li; Jean Pauris JEAN-BAPTISTE se yonn nan ekriven ayisyen ki ekri plis woman an kreyòl epi Frankétienne, yonn nan premye ekriven ayisyen ki pibliye yon woman an kreyòl. Nesans twa otè sa yo vin akouche yon triyang wololoy. Se 3 wòch dife anba chodyè devlòpman lang kreyòl ayisyen an.

Pami zèv Jean Pauris JEAN-BAPTISTE yo, nou ka site: *Sogo nan kwazman gran chimen* (1979), *Istwa yon chat baka* (1983), *Nan lonbray inosans* (1985) (Liv sa ranpòte pri Deschamps 1985), *Zing Lavi* (2008), *Pwovèb Ayiti* (2011).

Envite yo te kontan patisipe nan AKA DE BATAN epi pwofite dekouvri potorik otè sa a.

Chwichwi Granchemen (1975), *Deblo Zabèl Bobori* (1996) elatriye. Anpil enstitisyon ak pèsonalite tout kalite salye zèv, travay ak enplikasyon Akademisyen JEAN BAPTISTE nan kore devlòpman lang kreyòl ayisyen an. Ekriven Jean Pauris JEANBAPTISTE te pran lapawòl pou esprime kijan li santi li onore paske AKA chwazi li kòm envite donè nan kad AKA DE BATAN. Li te esplike kijan lavi li te kòmanse depi nan komin Tènèv, Depatman Latibonit Ayiti, pase Gonayiv jouk li te rive Lafrans kote li t apral etidye.

«Premye fwa papa m mennen m lekòl, direktè lekòl la te di mwen pa fèt pou lekòl. Se jaden pou m al fè . Mwen retounen jwenn papa mwen Tènèv. Papa m te kriye anpil. Men li pa te dekouraje ak mwen. Kòm papa m te konn li ak ekri, li te montre m nan sa li konnen. Mwen vin ale lekòl toutbon jouk nan laj 10 zan nan mitan yon bann timoun mwen te ka pwofesè yo.

Mwen vin ap premye nan sal la. Mwen panse m te fò, epoutan, se paske m te deja konnen anpil nan sa pwofesè yo ap montre m yo », nou t ap site Jean Pauris JEAN BAPTISTE. Ekriven an esplike se tout esperyans sila yo ki patisipe nan fòme karaktè li epi fè li vin moun li ye jodi a. Apre prezantasyon an, etidyan yo te poze anpil kesyon anvan Jean Émile PAUL ak yon gitaris, te anime finisman aktivite a nan chante epi resite pwezi Georges CASTERA. Patisipan yo swete AKA DE BATAN kontinye sou menm chimen an.

Lise Pétion ak lise Toussaint resevwa vizit AKA

Foto souvni elèv lise Pétion ak Akademisyen yo

Lise Pétion ak lise Toussaint, de (2) lekòl piblik ki fòme anpil jenerasyon pwofesyonèl nan peyi a, te kontan resevwa Akademi Kreyòl Ayisyen, nan kad aktivite pou selebre Jounen entènasyonal lang manman an.

Mèkredi 12 fevriye 2020, oditoryòm lise Alexandre Pétion te plen kou ze kote elèv reto ak filo te reyini pou diskite ak delegasyon Akademi an.

Akademisyen Marie Rodny Laurent ESTEUS ak Akademisyen Pierre Michel CHERY te pase yon bon moman ap brase lide ak elèv yo epi fè egzesis ki pèmèt yo reflechi sou sitiyasyon sosyo-lengwistik peyi a.

Yo te pwodui anpil refleksyon sou kesyon idantite pèp la, sou plas santral lang lan ki se yonn nan pi gwo makfabrik yon pèp epi ki se senbòl fyète li devan lòt nasyon.

Akademisyen Pierre Michel CHERY sou bò pa li, te bay chak elèv yo yon fèy papye pou reyalize kèk egzèsis pratik. Pandan yon bon moman, Akademisyen an te anime yon atelye ak elèv yo sou ekriti ak espresyon kreyòl. Li te pataje yon seri mo kote chak elèv t ap ekri mo sa yo daprè sans ak kontèks yo.

Swit →

Jedi 13 fevriye, se te tou pa lise Toussaint. Akademisyen Jean Pauris JEAN-BAPTISTE te prezante yon konferans byen long pou elèv filo yo. Objektif la se te pèmèt elèv yo konprann enpòtans lang kreyòl nan edikasyon. Akademisyen an fè yon rale sou evolisyon istorik lang kreyòl la nan Konstitisyon peyi a. Epi gade ak yo difikilte pou sa ki ekri yo aplike nan sosyete a. Pou Akademisyen an, lang kreyòl la se yonn nan eleman esansyèl pou idantifye pèp ayisyen an.

Elèv lise Toussaint Louverture yo ak Akademisyen Jean Pauris JEAN-BAPTISTE

Elèv yo manifeste swaf yo te genyen pou tande pawòl sa yo. Se te yon bon mwayen pou yo pran tan pou yo pataje esperyans yo ak aspirasyon yo konsènan wòl kreyòl la dwe jwe nan peyi a, sitou nan sistèm edikasyon ayisyen. Elèv yo souliye presyon kèk pwofesè konn fè sou yo pou anpeche yo pale kreyòl ki se lang ki pèmèt yo konprann kou yo pi byen. Nan okazyon aktivite sila a, plizyè elèv deklare, yo swete Leta pran tout dispozisyon pou timoun yo jwenn edikasyon nan lang manman yo.

Akademi Kreyòl Ayisyen òganize fòmasyon pou Sosyete sivil la

Foto souvni fòmasyon an

Swit →

Akademi Kreyòl Ayisyen selebre Jounen entènasyonal lang manman an pou ane 2020 an nan yon pèspektiv tounèf. Si pandan senk (5) premye ane yo, AKA te vize pou lang lan pran jarèt, pou kounye a, li vize fè tout gwoup pran koz la pou yo.

Pou sa, AKA tanmen mache kontre yon latriye enstitisyon piblik kou prive ak òganizasyon nan Sosyete sivil la. Pou pèmèt tout sektè gen bon jan zouti pou yo itilize lang kreyòl la nan travay yo, jou madi 11 fevriye 2020 an, AKA te òganize yon jounen fòmasyon sou lekti ak ekriti kreyòl pou plis pase ven (20) manm enstitisyon ak òganizasyon nan Sosyete sivil la.

De (2) Akademisyen te anime fòmasyon sila a nan lokal Direction des Études Post-graduées (DEP). Akademisyen Rogéda Dorcé DORCIL ak Gérard Marie TARDIEU, yo chak bò kote pa yo, te trete yon seri pwoblèm k ap travèse sosyete a sou koze lang lan. Akademisyen DORCIL te fè lekti kèk tèks an fransè men ki pa vle di anyen serye pou yon Ayisyen. Se yonn nan fenomèn lengwistik ki travèse sosyete a pandan lontan kote pale fransè te vle di ou eklere ou sivilize.

Jiskaprezan, nan kèk enstitisyon, popilasyon an poko ka jwenn sèvis kòmsadwa paske yo pa itilize lang kreyòl la pou yo kominike ak li. Poutan, nan kèk Eta nan peyi Etazini, tankou Nouyòk, Ayisyen kapab jwenn sèvis an kreyòl nan enstitisyon yo.

Entèvansyon Akademisyen TARDIEU a te chita sou règ, òtograf, espresyon ak alfabè kreyòl ayisyen an. Pou sa, Akademisyen an te pwopoze kèk egzèsis pou pèmèt patisipan yo sezi sa l ap di yo pi byen.

Patisipan yo

Boukante lide sou plizyè pwen ki pa te twò klè nan lespri yo. Pwofesyonèl sa yo te pataje esperyans yo fè nan kad travay yo. Sa ki ta pral ranfòse motivasyon fòmatè yo pou ankouraje kad sa yo bay kreyòl la plas li merite nan enstitisyon kote y ap travay.

Sa ki ka pèmèt popilasyon an benefisye bon jan tretman jan prensip Manman lwa peyi a mande sa.

Pwofesyonèl sa yo te esprime satisfaksyon yo san mezi pou jan jounen atelye a te itil yo. Pou patisipan yo, aktivite sa ba yo plis teknik, plis zouti pou yo li ak ekri kreyòl pi byen.

Jan sa konn fèt chak kote AKA pase, patisipan yo toujou pwofite esprime dezakò yo pou jan kèk enstitisyon Leta pa ranmase koz lang kreyòl la.

Patisipan yo pwomèt pou yo travay pi byen nan enstitisyon yo kote lang kreyòl la pral itilize tout bon san baryè.

Yo mete aksan sou enpòtans lang manman nan yon sosyete epi jan itilizasyon lang kreyòl kapab fasilite pwofesyonèl yo sèvi popilasyon an pi byen.

AKA patisipe nan Salon liv Inivèsite Quisqueya



Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen an ak òganizatè Salon liv kreyòl Inivèsite Quisqueya

Akademi Kreyòl Ayisyen toujou pwofite chak okazyon pou fè mesaj li rive pi lwen nan peyi a. Sousi sa a ranfòse batay AKA ap mennen pou lang kreyòl la jwenn plis jèvrin nan sosyete a nan lide pou moun k ap itilize li yo kapab fè sa san baboukèt sou tout tèritwa a. 6 fevriye 2020, Akademi Kreyòl Ayisyen patisipe nan «Salon du manuel scolaire et des ressources pédagogique» (INNOVE-UniQ), yon aktivite Inivèsite Quisqueya te òganize. Daprè òganizatè yo, Salon liv sila a vle ankouraje egzèsis lekti nan peyi a, reyini otè yo epi pèmèt echanj fèt ant piblik la ak otè yo, yon fason pou fasilite refleksyon sou jan ansèyman ap fèt nan lekòl yo.

Foto asistans lan

Anplis espozisyon liv AKA te fè, Prezidan ak Sekretè egzekitif enstitisyon an te patisipe nan yon panèl pou diskite ak patisipan yo. Diskisyon yo te dewoule nan yon sal plen etidyan, pwofesyonèl, pwofesè ak reprezantan divès sektè, piblik kou prive, sou pwoblematik li ak ekri/liv san bliye resous peda gojik k ap sèvi pou fòmasyon elèv yo nan sistèm edikatif ayisyen an.

Sekretè Egzekitif la, Luna GOURGUE, te pale sou sistèm edikatif ayisyen an ak divès eleman ki kanpe kòm baryè pou elèv yo. Prezidan Akademi an, Akademisyen Pierre-André PIERRE bat bravo pou kokennchenn inisyativ sa a epi fè konnen plas kreyòl la endispansab nan sistèm edikatif peyi a.

«Okenn moun pa ka aprann nan lang ki pa lang li…», selon prezidan Akademi an ki te pwofite raple tèm Akademi Kreyòl Ayisyen an te kenbe pou selebrasyon Jounen entènasyonal lang manman an pou ane 2020 an: «Respekte lang manman timoun yo, se respekte dwa yo!».

Se nan yon anbyans akademik premye jounen sa a te fini kote asistans lan te reyaji sou divès difikilte ki egziste nan sistèm edikatif ayisyen an ki ta lakòz anpil elèv echwe.

Akademi Kreyòl Ayisyen rann Akademisyèn Marie Marcelle Buteau RACINE yon dènye omaj

Akademisyèn Marie Marcelle Buteau RACINE

Vandredi 21 dawou 2020, Akademi Kreyòl Ayisyen òganize yon seremoni omaj pou selebre lavi Akademisyèn Marie Marcelle Buteau RACINE. Divès Akademisyen, fanmi ak zanmi te temwanye bonte li.

Se 23 jiyè 2020 Akademisyèn Marie Marcelle Buteau RACINE mouri. Akademisyèn RACINE fèt Okay, Ayiti, 31 me 1934. Anba presyon rejim François DUVALIER a nan lane 1963, li te oblije pran egzil pou l ale Etazini kote li fè yon metriz nan lang orijin womàn yo nan Howard University ak yon doktora nan Franse ak Lengwistik.

Pami divès travay li yo nou jwenn: “Conflits lexi co-sémantiques français et créole: une contribution à l’étude de la langue en contact dans la situation diglossique haïtienne”, 1970 (Tèz doktora Akademisyèn nan te reyalize nan University of the District of Columbia) , «French creole in the Caribean/fransè kreyòl nan Karayib la», CLA journal (1975), «Lang kreyòl la ap pran plas li an Ayiti» (1980) ak «Yon michan bouke flè pou sanba Moriso, yon omaj pou powèt Felix Morisseau Leroy» (1992).

Pou Akademisyen Pierre-André PIERRE, Prezidan KAd la (Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen), Akademisyèn RACINE, «se te yon moun total. Yon Ayisyèn natifnatal. Li te gen tèt, li te gen kè. Li te gen yon vizyon, li akonpli yon misyon. Li leve fanmi li anlè. Li onore ni ras la ni lang lan ni peyi a ni pèp la ni legliz li a. Li fè lonè moun. Li se yonn nan fanm ki fè lonè tout lòt fanm. Marie se te yon pye mapou. Mapou a tonbe. Men, fwi a ale pou li jèmen, pou li repouse. Fwi a plante anndan kè nou. Anyen p ap janm pèdi.»

Daprè yon nòt Anbasad Ayiti nan Wachinntonn mete deyò : «Ansèyman Pwofesè Racine te konsantre sou lang, lengwistik, literati, kilti, franse ak kreyòl.[…] Nan Anbasad la, n ap sonje li kòm yon moun ki te toujou rete senp, dispoze pou ede, ki te gen lidèchip ak devouman li te toujou genyen pou kominote a an jeneral… »

Pou Akademisyen Serge BELLEGARDE ki te konn rele Akademisyèn nan *May*, nan yon mesaj kondoleyans, nou pran lòsyè sa a ladan: «*May* travèse, men nanm li ap toujou la avèk nou».

Plizyè lòt akademisyen te pran lapawòl nan okazyon an pou temwaye esperyans yo te genyen ak defen an.

Visprezidan AKA a Michel Frantz GRANDOIT te pataje ak piblik la esperyans li te fè ak Akademisyèn nan nan kanpay alfabetizasyon. Akademisyen Fequière VILSAINT te raple rankont li ak defen an. Akademisyèn Adline CHANCY te fè yon rale sou istwa zanmitay li ak defen an. Akademisyèn Rodny ESTEUS te temwaye kolaborasyon li te genyen avèk li.

Nan okazyon an, plizyè Akademisyen te prezan nan biwo Akademi an, kèk lòt te patisipe sou Zoom.

Akademisyèn Marie Marcelle Buteau RACINE, se te yon fanm djanm. Akademi Kreyòl Ayisyen di ou mèsi anpil!.

Depatman Sant nan selebrasyon Jounen entènasyonal lang manman an

Kèk patisipan nan fòmasyon jounalis yo

Soti 17 rive 20 fevriye 2020, plizyè komin Depatman Sant te resevwa aktivite Akademi Kreyòl Ayisyen te òganize pou selebre Jounen entènasyonal lang manman. Ant konferans nan komin Mibalè ak seminè epi konferans nan vil Ench, elèv, etidyan, pwofesè kreyòl ak jounalis te jwenn lòsyè pa yo pandan pasaj Akademi an nan depatman an.

Pwofesè kreyòl yo ak 2 nan fòmatè yo

Madi 18 fevriye, Akademi an òganize premye jounen fòmasyon pou jounalis ki soti nan plizyè medya nan depatman Sant nan lokal Bibliyotèk Kominotè Ench. Fòmasyon sa a AKA te òganize anba tèm Kominikasyon Kreyòl nan medya, se te okazyon pou travayè laprès yo te aprann anpil kichòy ki kapab sèvi yo nan metye enfòme a.

Akademisyen Wilner DORLUS te montre patisipan yo, atravè kèk egzanp li te pran, nesesite pou yo respekte sentaks lang kreyòl la ki gen rapò ak estrikti li. Entèvenan an divize patisipan yo an plizyè gwoup travay ki t ap reflechi sou wòl medya yo nan fè pwomosyon lang kreyòl la. Rapò gwoup yo te ale nan menm sans lan, pou piblik la byen konprann fòk kominikasyon an fèt nan yon lang li metrize.

Sou bò pa li, jounalis Jacky MARC te pale sou teknik ak estrateji pou kominike pi byen nan medya. Daprè entèvenan an, reyalite a montre pi fò medya yo pa enterese bay nouvèl an kreyòl. Pou li kore agiman sila a, li fè konnen anpil sal nouvèl yo pa gen seksyon kreyòl, se menm tèks fransè yo, jounalis yo tradui an kreyòl.Twazyèm entèvenan an, Akademisyen Pierre Michel CHERY, te pataje ak jounalis yo plizyè moso pawòl li ranmase anba bouch jounalis nan kèk medya. Jounalis yo te dakò mòd kominikasyon sa yo pa kapab rive sou popilasyon ki pale kreyòl sèlman. Pierre Michel CHERY fè konnen pa gen dwa gen esklizyon nan zafè enfòme moun.

Mèkredi 19, nan menm lokal la, se te tou pa pwofesè kreyòl nan depatman an. Plis pase senkant (50) pwofesè te reyini pou tande avèk atansyon Akademisyen Grégory CALIXTE ki t ap pale sou òtograf lang kreyòl la. Akademisyen Wilner DORLUS li menm, te abòde aspè sosyolengwistik lan. Akademisyen Dominique BARTHELEMY, sou bò pa li, te pataje esperyans travay li ak pwofesè Nouvo segondè yo.

Pwofesè kreyòl yo te esprime kontantman yo pou kalite fòmasyon an. Yo pwopoze pou Akademi an travay men nan men ak Ministè Edikasyon Nasyonal pou fè respekte lang manman timoun yo nan sistèm edikatif la.

Espas lektè yo

Pou ou bay lide ou sou travay Akademi Kreyòl Ayisyen fè deja ak lòt travay li ta dwe fè! Si ou bezwen enfòmasyon sou Akademi Kreyòl Ayisyen an!

Ekri Akademi an sou:

direksyonkiminikasyon@akademikreyol.net oubyen ou ka vizite paj facebook akademi an: facebook/akademikreyol ak sit entènèt li: www.akademikreyol.net.

Pwovèb kreyòl:

"Zwezo pa janm bliye nich li."

Mezanmi, lè mwen gade kote mwen ye jodi a, mwen pa fouti di jan mwen kontan. Men tankou yo di: "Zwezo pa janm bliye nich li". Se sa ki lakòz mwen sonje lakay mwen. Men mwen kontan pou mwen viv nan mitan nou.

Ekip Bilten an

Pwodiksyon
Direksyon Kominikasyon AKA

Redaksyon
Anivince JEAN BAPTISTE
Iléus PAPILLON
Jean Emile PAUL

Koreksyon
Jean Rony BEAUCICAULT
Luna GOURGUE

Revizyon
Komisyon Kominikasyon AKA

Konsepsyon
Fedalson DESTINE

Piblikasyon
Sekretarya Egzekitif AKA

Pwogram kèk aktivite AKA pou Mwa lang ak kilti kreyòl 2020

Dat ak lè	Aktivite	Sijè / Entèvenan	Espas
Jedi 15 oktòb 1è PM	Gwoup Echanj / Deba sou **ZOOM**	Tèm: Literati kreyòl ayisyen: istwa, evolisyon, sitiyasyon avèk C. CHARLES, M A. HYPPOLYTE, J R. PLACIDE	Nan AKA / Espas vityèl **(Zoom)** ak Paj Facebook AKA
Mèkredi 21 oktòb 1è PM	Konferans avèk Akademisyen Rochambeau LAINY sou **ZOOM**	Tèm : Analoji nan emèjans lang kreyòl Entèvenan : Akademisyen Rochambeau LAINY	Nan AKA / Espas vityèl (Zoom) ak Paj Facebook AKA
Lundi 26 oktòb 9èAM	Rankont literè / kozri ak moun Laskayobas	Tèm: Ekri nan lang kreyòl Entèvenan: Akademisyen Pierre Michel-CHÉRY	Sant Kiltirèl Lawouze (Laskawobas)
Mèkredi 28 oktòb 10è AM	Selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl	Seremoni ofisyèl: Diskou ofisyèl / Aktivite kiltirèl / Remiz Plak Onè ..	Oditoryòm palè minisipal Meri Dèlma

AKADEMI KREYÒL AYISYEN

#6, Ri des Marguerites, Turgeau, Pòtoprens, Ayiti
(509) 3333-0815,16,17 | 4363-6666 |4363-5555
direksyonkominikasyon@akademikreyol.net
www.akademikreyol.net